

1ye Oktòb 2025



© 2025 Perdue

KÒD ETIK AK KONDWIT PWOFEZYONÈL

Kòd la se yon gid esansyèl men li pa yon kontra travay. Tout anplwaye Perdue yo anboche “selon volonte”, sa ki vle di ke swa Perdue oswa anplwaye a ka mete fen nan relasyon travay la nan nenpòt ki moman. Jesyon Perdue an gen dwa pou amande, modifye, oswa revize kòd la nan nenpòt ki moman.

TABDÈMATYÈ

Yon Mesaj Prezidan Direktè Jeneral Perdue a ak Direktè Konfòmite a	03
Konprann ak Aplike Kòd Etik la	04
Pran Bon Desizyon	06
Kenbe yon Espas Travay ki San Danje	10
Fè Pwomosyon Pou yon Espas Travay ki gen Respè e ki Enklizif	12
Defann Dwa Moun ak Dwa Travay	14
Pwodiksyon Pwodwi Alimantè De Kalite, Pwodwi Moun Fè Konfyans, Epi Ki San Danje	15
Fè Aktivite Komèsyal yo Yon Fason ki Etik	16
Ap Aji nan Pi Bon Enterè Antrepriz la	19
Pwoteje Byen Antrepriz la	22
Pwoteje Repitasyon Antrepriz la	24
Konsève Dosye ki Egzat	26



1ye Oktòb 2025
Chè Asosye San Parèy,

Valè nou yo te etabli depi yon syèk sou fèm fanmi Arthur and Pearl Perdue a, epi yo kontinye gide aksyon nou jodi a pandan n ap travay nan direksyon vizyon nou **pou nou se non ke yo plis fè konfyans nan pwodwi alimantè ak agrikòl.**® Siksè Perdue a bati sou konfyans ak asirans anplwaye, kliyan, aksyonè, patnè komèsyal, ak kominote nou yo genyen nan nou paske nou kenbe pwomès nou yo e nou delivre pwodwi kalite siperyè.

Sa mande pou nou tout, k ap travay ansam e k ap fè pati nou an, pou nou pwoteje repitasyon epi defann valè **Kalite, Entegrite, Travay ann Ekip ak Jesyon nou an.** Nou te adopte kòd Etik ak Kondwi Pwofesyonèl sa a kòm yon gid pratik pou ede mete valè nou yo an pratik.

Se responsablite tout anplwaye, ofisye, manm Komisyon Konsèy Direktè yo, ak patnè komèsyal yo pou jere aktivite komèsyal Perdue yo avèk entegrite e nan konfòmite ak tout lwa ki aplikab yo. Entegrite se pwomès nou fè—kòm moun ak kòm yon òganizasyon—ke moun ka toujou konte sou nou. Li vle di yo ka fè nou konfyans, nou responsab pou aksyon nou yo, nou onèt e bay verite, epi nou inebranlab nan angajman nou nan pi wo estanda etik yo. Li se fondasyon konpòtman lidèchip nou yo tou. Li pouse nou panse menm jan ak kliyan ak konsomatè nou yo, fè nou vin pi bon konpayi an nan tout sa nou fè, travay tankou OnePerdue, aji tankou nou se pwopriyete, dirije epi devlope ekip yo nan meyè fason ke nou kapab, epi angaje yo nan respè, nan konfli ki konstrikatif k ap fè nou vanse ale devan ansanm.

Kòd Etik ak Kondwit Pwofesyonèl la se yon resous esansyèl. Chak fwa ou fè fas ak ensètitud sou yon desizyon komèsyal, refere w ak Kòd la, sèvi avèk li ansanm ak valè ak konpòtman lidèchip nou yo pou gide aksyon ou yo. Sonje byen, Kòd la plis pase yon seri règlèman—li reflekte valè debaz konpayi nou an ak angajman nou nan Konstwi yon Meyè Avni.

Mèsi pou tout sa ou fè pou pwoteje valè nou yo, kenbe repitasyon nou pou entegrite, epi asire ke Perdue Farms se non yo plis fè konfyans nan pwodwi alimantè ak agrikòl.



Kevin McAdams
Direktè Jeneral



G. Andrew Getty
Direktè Konfòmite

KONPRANN AK APLIKE KÒD ETIK LA

Objektif Kòd la

Kòd Etik ak Kondwit Pwofesyonèl (“Kòd” la) se yon gid pratik pou ede nou pran bon desizyon pandan n ap reyalize travay nou yo chak jou.

Pou Ki Moun Kòd Aplike?

Tout Anplwaye yo

Ofisye yo

Konsèy
Administrasyon an

Patnè Komèsyal yo

Responsablite Nou yo

Tout moun nan òganizasyon an, kèlkeswa wòl oswa ansyènte yo, dwe abitye epi swiv Kòd la. Kèk pati nan Kòd la pral gen plis rapò ak wòl ou pase kèk lòt pati. Chèche konsèy si ou gen nenpòt kesyon konsènan Kòd la.

Se yon bagay ki grav lè yon moun vyole Kòd la epi sa ka lakoz aksyon disiplinè, epi jiska menm revokasyon nan travay la. Nou pa sèlman dwe swiv Kòd la, nou tout genyen yon obligasyon pou respekte lalwa. Nou gen yon obligasyon tou pou pale si nou sispèk kèk konpòtman nan Konpayi an ki vyole oswa ki kontrè ak Kòd la.





Si ou kwè nan bon jan kalite san limit epi aji nan tout kontra komèsyal ou ak entegrite total, rès la ap vini pou kont li.

- Frank Perdue

Responsablite Espesyal Sipèvizè yo

Tout moun nan òganizasyon an dwe swiv Kòd la, men asosye ki gen wòl direksyon oswa sipèvizyon yo genyen lòt responsablite anplis:

Dwe yon modèl referans epi demontre valè, kondwit etik nou yo ak entegrite

Bay asosye yo konsèy sou responsablite yo selon Kòd la

Fè swivi pou konseye asosye ki pa rive respekte Kòd la

Asire ke asosye yo konnen fason pou rapòte enkyetid yo epi yo p ap tolere zak reprezay

Rapòte bay Resouzimèn oswa Direktè Konfòmite a nenpòt enkyetid ke asosye a mete w okouran de yo

Kenbe patnè komèsyal, kontraktè, konsiltan, ak travayè tanporè ak okazyonèl yo responsab pou yo aji selon Kòd la ak valè nou yo

K. *Kisa Valè Perdue yo ye?*

R. Depi plis pase yon syèk, nou te aliyen operasyon nou yo ak valè debaz nou yo ki se **kalite, entegrite, travay ekip ak jesyon,** e prensip sa yo te gide nou nan founi pwodwi kalite siperyè, ki bon pandan n ap kenbe konfyans ke kliyan ak konsomatè nou yo fè nou an.



PRAN BON DESIZYON

Si ou pa sèten si yon seri sikonstans pa mache ak Kòd la, poze tèt ou kesyon sa yo lè w ap panse pou pran yon desizyon oswa yon plan daksyon:



1.

Èske li onore valè nou yo?

2.

Èske li respekte lalwa ak politik Antrepriz la?

3.

Ki jan kòlèg mwen yo ak piblik jeneral la t ap konprann sa?

4.

Ki jan manm fanmi m t ap reyaji si yo okouran de aktivite a?

Chèche Konsèy

Anpil fwa, bagay ki kòrèk pou fè a klè devan nou. Kèk lòt fwa, li kapab pa toujou fasil oswa dirèk pou detèmine desizyon ki kòrèk la. Kòd la kapab pa abòde chak sitiyasyon.

Si ou gen dout, ou ta dwe chèche konsèy touswit. Gen plizyè fason ou ka fè sa:

- Diskite avèk sipèvizè ou a
- Diskite avèk yon lòt sipèvizè oswa manm ekip jesyon, si ou pa alèz adrese w ak sipèvizè ou
- Kontakte Resouzimèn nan oswa Direktè Konfòmite a
- Kontakte liy telefòn dirèk etik ekstèn konfidansyèl nou an pou bay rapò

Egzansyon

Nan sitiyasyon ki ra anpil yo, Perdue ka bay yon egzansyon nan yon dispozisyon ki nan Kòd la. Se sèlman Direktè Konfòmite a ki ka akòde yon egzansyon an konsiltasyon avèk yon lidè Komite Jesyon epi li dwe dokimante.

OU DWE PALE

Si ou gen yon enkyetid oswa ou sispèk yon posib vyolasyon Kòd la, pale sa touswit. Se yon obligasyon pou fè sa epi sa pèmèt nou klarifye pwoblèm yo, evite pwoblèm oswa korije erè yo byen rapid oswa kèk bagay ki kapab pa t pase byen. Gen plizyè fason ou ka dekalre enkyetid ou yo:

- Bay sipèvizè w la
- Bay Resouzimèn
- Bay Direktè Konfòmite a
- Itilize liy dirèk etik konfidansyèl ekstèn nou an pou Fè rapò. Perdue pran tout rapò sou vyolasyon Kòd la oserye epi fè investigasyon konplè sou tout swadizan move kondwit.



**Liy Dirèk Etik
pou Fè Rapò**

877.587.2463

Drew Getty

Direktè Konfòmite
410.341.2191

Lori Elliott

Resouzimèn
410.543.3871



ZEWO TOLERANS POU ZAK REPREZAY

Perdue entèdi zak reprezay. Nenpòt moun ki souleve yon enkyetid nan bòn fwa selon Kòd la p ap sibi zak reprezay, ki gen ladan aksyon negatif nan travay la, menas, asèlman oswa konsekans negatif.

Zak reprezay pa mache ak valè nou yo. Yon zak reprezay se yon fot grav epi sa pral lakoz aksyon disiplinè, epi jiska menm revokasyon nan travay la.

PWOSESIS ETAP PA ETAP POU LIY TELEFÒN DIRÈK LA



Lè ou rele liy dirèk la, ou pral pale ak yon pwofesyonèl etik twazyèm-pati. Ou pral gen opsyon pou rapòte yon fason anonim. Nan fen konvèsasyon an, yo pral asiye w yon nimewo dosye.


Enfòmasyon ki te rasanble pandan apèl la ap transfere bay pèsònèl Perdue ki apwopriye a pou mennen ankèt.



Ou pral kapab tcheke sou estati dosye w la lè w rele liy dirèk la epi bay nimewo dosye yo asiye w lan.



Si sa posib, rezilta ankèt la pral pataje avèk ou oswa, nan ka rapò a anonim, enkli nan fichye dosye a.



Investigasyon yo ka pran jiska yon semèn oswa pi long, sa depan enfòmasyon ki bay nan rapò a.



KENBE YON ESPAS TRAVAY KI SAN DANJE

Nan Perdue, sekirite anplwaye ak travayè nou yo nan operasyon nou yo se pi gwo priorite.

Se responsablite tout moun pou ede anpeche blesi ak aksidan nan espas travay la epi pou pran aksyon si nou wè nenpòt bagay ki ta ka lakòz domaj.

Tout anplwaye, founisè, konsiltan, kontraktè, travayè tanporè ak vizitè yo dwe:



1.

Konnen epi swiv tout konsiy ak pwosedi sou sekirite yo

2.

Pa janm pran risk sekirite ki pa nesèsè

3.

Imedyatman sispann sa w ap fè si li vin san sekirite

4.

Konnen sa pou fè si ta gen yon domaj oswa yon ijans

5.

Reponn ak tout alam yo san pèdi tan

6.

Imedyatman rapòte nenpòt danje, ekipman ki kase oswa k ap mal fonksyone, oswa pwoblèm antretyen batiman bay yon sipèvizè

7.

Rive nan travay la san okenn sibstans ki ka bese nivo jijman w oswa ki menase sekirite

8.

Rapòte nenpòt konpòtman ki menasan oswa agresyon ke nenpòt moun fè nan lokal oswa deyò lokal nou yo, ke se anvè oumnen oswa ke ou temwen, ki kapab potansyèlman lakoz vyolans nan espas travay la

9.

Pa janm pote zam danjere nan espas travay la

10.

Pa janm bay pèsòn kle, badj, kòd oswa modpas ou itilize nan Konpayi a

11.

Pa janm kite pòt ouvri oswa kite lòt moun pase nan antre sekirite yo

12.

Rapòte touswit nenpòt enkyetid sou sekirite oswa moun ki pa otorize yo nan lokal Antrepriz la

ÈSKE OU TE KONNEN?

Nan lane 2024, Perdue te resevwa prim 41 Joint Industry Safety and Health Council, ki rekonèt nou kòm yon lidè sekirite nan endistri bèt volay la.



Gade Politik Konpayi sa yo pou jwenn plis Konsèy Espesifik

[Règleman Sekirite ak Pwosedi yo](#)

[Règleman Sekirite ak Direktiv Disiplinè yo](#)

[Règleman sou Vyolans nan Travay](#)

[Règleman sou Dwòg ak Alkòl](#)

Si ou pa kapab jwenn aksè ak règleman yo nan dokiman sa a, tanpri kontakte reprezantan lokal Resouzimèn ou a, ki pral ba ou kopi papye sou demann.



FÈ PWOMOSYON POU YON ESPAS TRAVAY KI GEN RESPÈ E KI ENKLIZIF

Nan Perdue, nou angaje nan fòmasyon yon kilti enklizif kote tout moun, kèlkeswa orijin oswa pèspektiv yo, santi yo respekte, valorize, e jwenn ankourajman pou kontribye nan siksès kolektif nou.

Opòtinite Egal, Diyite ak Respè

Nou angaje nou pou nou asire ke tout moun nan espas travay nou an gen yon opòtinite egal pou li reyisi epi nou pa tolere diskriminasyon, asèlman, oswa patipri sou baz ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sitwayènte, laj, sèks, gwosès, andikap mantal oswa fizik, estati militè, oswa nenpòt lòt karakteristik ke lalwa pwoteje. Nou bay yon anviwònman travay kote yo trete tout moun ak diyite ak respè epi san entimidasyon, ostilite, oswa konpòtman ki pa apwopriye.

Nou sipòte yon espas travay ekitab ak respè lè nou:

- Y ap reflechi alavans sou fason lòt moun kapab konprann mo ak aksyon nou yo
- Deklare blag, ensilt, lmèl, tèks, pès sou medya sosyal, mesaj enstantane, objè, foto, senbòl, desen anime, emojis, avek tikè, oswa GIF ki pa apwopriye
- Pa janm fè remak oswa tolere remak oswa avans ki genyen yon nati seksyèl endezirab, touche, oswa rega ki ofansif
- Kanpe kont dyalòg ki derespektan, entimidasyon, oswa asèlman ke nou viv oswa nou temwen epi nou chèche èd lè sa nesèsè
- Rapòte konpòtman ki pa apwopriye yo ke li sible oumenm oswa li sible yon lòt moun
- Asire ke relasyon rapòte a rete pwofesyonèl yon fason estrik e san pèsepsyon ke gen favoritis oswa patipri



Nou kenbe yon espas travay kolaboratif ak favorab lè nou:

- Aktivman chèche kontribisyon, apwòch altènatif ak opinyon
- Koute lide lòt moun avèk respè
- Resevwa fidbak konstruktif
- Adrese enkyetid yo avèk swen epi anpati

Kolaborasyon ak Sipò

Nou ankouraje travay ekip, sipò youn pou lòt, ak yon gwo sans kominotè ak objektif pataje nan espas travay nou an.

Nou valorize pèspektiv ki diferan, ankouraje patisipasyon aktif, epi rekonèt kontribisyon inik manm ekip nou an, ki baze sou orijin varye yo ak eksperyans yo. Nou anbrase kwasans kontinyèl ak amelyorasyon epi nou toujou fè efò pou nou fè pi byen ke nou kapab.



Gade Politik Konpayi sa yo pou jwenn plis Konsèy Espesifik

[Politik sou Opòtinite
Egal nan Travay](#)

[Règleman sou Asèlman](#)

DEFANN DWA MOUN AK DWA TRAVAY

Antanke yon Antrepriz, nou respekte dwa tout moun epi respekte lwa sou travay yo nan mache kote nou fonksyone yo.

Nou angaje nou pou gen yon anviwònman travay ki pa gen trafik moun sou okenn fòm, sa ki enkli, selon dispozisyon sa a, nenpòt kalite travay obligatwa, esklavaj, oswa travay fòse. Nou entèdi anplwa timoun ki poko gen laj travay legal la. Nou pa tolere konpòtman abizif nan okenn nan operasyon nou yo. Nou respekte dwa travayè genyen pou yo eksprime enkyetid yo kolektivman.

Nou atann pou kontraktè ak founisè nou yo pataje angajman nou nan dwa moun nan menm gwo nivo estanda yo epi elimine travay ilegal nan chenn apwovizyonman pou nou yo. Kòd Kondwit Founisè nou an ranfòse pi plis atant ak angajman pataje nou yo.

Nan ka kote yo idantifye travay timoun, yo pral aplike mezi koreksyon ki apwopriye an plas, ki gen ladan retire travayè timoun nan oswa jèn nan travay la epi asire sekirite yo.

Menm jan an tou, kote nou idantifye travay fòse oswa abizif, n ap pran mezi atenyasyon byen rapid ki apwopriye ak sitiyasyon an, ak yon priyorite sou sekirite travayè a.

Nou asire dwa moun ak dwa travay lè nou:

- Rekonèt nenpòt modèl oswa siy alèt konsènan ka posib travay timoun, travay fòse, oswa kondisyon abizif
- Kontwòle lè siplemantè travayè yo pou asire volontarya lè sa posib epi, nan tout ka, limite yo pou asire èdtan travay yo pa twòp oswa san sekirite
- Rapòte touswit nenpòt ka sispèk vyolasyon dwa moun oswa endikatè nan Konpayi an oswa nan chèn apwovizyonman nou an





PWODIKSYON PWODWI ALIMANTÈ DE KALITE, PWODWI MOUN FÈ KONFYANS, EPI KI SAN DANJE

Antanke yon asosye Perdue, ou genyen responsablite anvè plizyè milyon moun ki fè nou konfyans pou ba yo pwodwi alimantè ki san danje, ki sen, epi de kalite.

Tout anplwaye yo dwe:

- Swiv [Règleman Kalite nou yo](#)
- Konnen epi swiv tout pwosedi sekirite alimantè yo
- Pa janm pran rakousi ki ka mete an danje sekirite oswa kalite pwodwi nou yo
- Rapòte tout enkyetid konsènan sekirite oswa kalite manje yo san pèdi tan

BYENNÈT BÈT YO

Nou asire ke nou trete bèt nou yo avèk anpil swen epi nou p ap tolere move tretman. Tout asosye ki travay ak zannimo vivan yo dwe swiv Pi Bon Pratik Jesyon nou an nan chak faz nan pwodiksyon vivan yo.

Nou atann pou tout anplwaye yo rapòte san pèdi tan bay sipèvizè oswa Direktè Konfòmite a tout vyolasyon ki konsène Pi Bon Pratik Jesyon nou yo, tout kondisyon ki menase byennèt bèt n ap pran swen yo, oswa si ou kwè yo p ap trete bèt nou yo nan fason ki rezonab.



ÈSKE OU TE KONNEN?

Se Senk Obligasyon sa yo ki enspire nou estanda nou yo konsènan swen bèt yo, se meyè estanda ki rekoni nan mond lan nan koze elvaj, ki enkli:

1. Bèt yo pa dwe ni grangou ni swaf
2. Bèt yo dwe konfòtab
3. Bèt yo pa dwe gen doulè, blesi, oswa maladi
4. Bèt yo dwe lib pou konpòte yo nòmalman
5. Bèt yo pa dwe santi yo pè ni an detrès

Piblisite Onèt

Nan Perdue, nou dekri pwodwi ak kapasite nou yo yon fason ki onèt. Nou asire ke materyèl maketin nou yo egzat epi nou pa bay manti pou kritike konkiran nou yo. Nou reponn alè ak nenpòt demann konsomatè oswa enkyetid sou pwodwi nou yo.

Kliyan Gouvènmantal yo

Nou dwe respekte obligasyon espesifik yo pou kliyan nou yo ki nan sektè gouvènmantal la. Ou dwe konsilte Direktè Konfòmite a anvan ou fè nenpòt ki kontra ak yon kliyan gouvènmantal epi, apre sa, konnen epi swiv tout egzijans kontra yo. Anplis, Resouzimèn nan dwe swiv tout lwa ki aplikab sou travay yo ak obligasyon deklarasyon pou kontraktyèl gouvèman yo.

Al gade nan Règleman Konpayi sa yo pou plis Konsèy Espesifik

[Manyèl sou Kalite ak Sekirite Alimantè](#)





FÈ AKTIVITE KOMÈSYAL YO YON FASON KI ETIK

Lwa sou Konkirans San Patipri ak Konpetisyon

*Nou fè konpetisyon anpil nan respè lalwa.
Perdue depase konkirans lan pandan l ap bay manje ak pwodwi agrikòl trè bon kalite.
Nou respekte tout lwa konpetisyon yo yon fason ki estrik.
Lwa konpetisyon yo ankouraje konkirans ant antrepriz rival yo epi garanti yon sistèm
mache lib epi konpetitif.*

Nou pa dakò ak konkiran yo, ni yon fason klè ni enplisit pou:

**Fikse pri ke nou chak
pral faktire oswa kantite
pwodwi nou chak pral
pwodwi ("fiksasyon pri")**

**Manipile yon pwosesis
apèldòf ("antant ilegal sou
òf yo")**

**Divize mache yo selon
espas jewografik oswa
selon kliyantèl ("alokasyon
mache")**

**Refize fè biznis ak nenpòt
moun oswa gwoup moun
oswa refize ofri pwodwi
oswa sèvis espesifik
("bòykotaj gwoup")**

**Mande sipèvizè ou an oswa Direktè Konfòmite a konsèy anvan ou rankontre oswa
patisipe nan dyalòg komèsyal ak yon konkiran.**

Nou asire ke nou rasanble enfòmasyon sou konkiran nou yo nan yon fason etik. Nou pa kolekte enfòmasyon konkiransyèl atravè metòd ilegal oswa metòd ki pa apwopriye tankou vòl, chantaj, ekout telefonik, koripsyon, ensitasyon ki pa apwopriye, resevwa byen yo vòle, oswa atravè menas. Nou transparan sou idantite nou lè n ap rasanble enfòmasyon konkiransyèl yo, epi nou pa itilize twazyèm pati pou angaje yo nan aksyon nou p ap angaje pwòp tèt nou.

Nou pa mande nouvo anplwaye oswa anplwaye potansyèl pou yo revele enfòmasyon konfidansyèl sou ansyen anplwaye yo oswa pou yo entèfere yon fason ki pa apwopriye ak relasyon kontra yo te gen ak ansyen anplwaye yo. Si nou okouran gen enfòmasyon konfidansyèl twazyèm pati pandan dire anplwa nou an, nou ka pa pataje enfòmasyon sa ak okenn lòt moun, oswa negosye lajan sou baz enfòmasyon sa.



Ti Lajan Akote ak Lòt Fòm Koripsyon

Menm jan ak nenpòt Konpayi oswa òganizasyon Ozetazini ki fè aktivite komèsyal aletranje, Perdue ak patnè komèsyal li yo kapab sijè ak Lwa Etazini sou Pratik Koripsyon Aletranje a (“FCPA”).

Anjeneral, FCPA entèdi antrepriz yo ak reprezantan yo fè peman bay gouvènman aletranje ak ofisyèl quasi-gouvènman yo pou kapab jwenn kontra. Nan Perdue, nou pa "achte" aktivite komèsyal ni fè biznis ak moun ki pèmèt pratik koripsyon yo. Nou menm evite bay enpresyon ke n ap aji yon fason ki pa apwopriye.

Nan Perdue, nou:

- Pa ofri ni pwomèt okenn bagay ki gen valè bay fonksyonè gouvènman yo pou jwenn kontra
- Pa ofri ni aksepte podven oswa ti lajan anba tab nan men okenn moun
- Konsève dosye ki egzat epi konplè pou tout peman yo
- Pa itilize tyès pati pou ofri ni pou bay podven nan non nou oswa pou patisipe nan aktivite ke nou pa t ap angaje ladan nou menm
- Itilize pridans lè n ap chwazi founisè sèvis yo pou asire pratik yo legal
- Rapòte bay Direktè Konfòmite a nenpòt soupson oswa enkyetid konsènan peman ki pa apwopriye yo

Lalwa defini “podven” yon fason jeneral epi li ka gen ladan kado oswa divètisman ki jenere.

Konfòmite Komès Entènasyonal

Nou fè komès nan tout peyi nan mond lan epi nou oblije asire nou ke nou swiv lwa ki aplikab yo pou nou fè biznis nan peyi sa yo. Sa a enkli pou nou respekte lwa sou ladwàn ak kontwòl sou enpoòtasyon, kontwòl sou ekspòtasyon, lwa anti-bòykòt, ak anbago pou sanksyon/negosyasyon. Nou pa ka komès, vann, oswa founi sèvis bay okenn moun nou konnen ki sou lis anbago oswa sanksyon, oswa patisipe nan oswa ankouraje bòykòt ke gouvènman ameriken an pa spòte.

Pwopriyete Entelekyèl

Nou pa angaje nan okenn itilizasyon san otorizasyon pwopriyete entelekyèl lòt moun, ki enkli materyèl dwadotè, mak depoze, oswa atik ki patante. Nou pa itilize lojisyèl, mizik, videyo, oswa kontni ki baze sou tèks san pèmasyon oswa ki pa an konfòmite ak yon lisans ki apwopriye pou itilizasyon sa a. Si ou vin okouran de enfòmasyon ki kapab vyole politik ki pi wo yo, ou ta dwe rapòte sa touswit bay Direktè Konfòmite a pou detèmine si yo ta dwe detwi enfòmasyon sa yo oswa si yo dwe pran lòt mezi pou asire konfòmite.

KONFIDANSYALITE DONE YO

Nan kad aktivite komèsyal yo, anplwaye Perdue yo ka gen aksè ak enfòmasyon pèsònèl kòlèg, aplikan pou travay, patnè komèsyal, ak kliyan yo.



Enfòmasyon sa a — ke yo rekonèt kòm Enfòmasyon Pèsònèlman Idantifyab (PII), tankou nimewo Sekirite Sosyal, detay kont labank, dat nesans, adrès imel, ak dosye medikal — pwoteje anba lalwa ak politik konpayi an.



PII ki pa sekirize ka mennen vòl idantite ak lòt domaj ki grav, kidonk li dwe jwenn aksè, itilize, epi divilge sèlman lè sa nesèsè pou rezon komèsyal lejitim. Anplwaye Perdue toujou swiv lwa ki aplikab ak pwosedi entèn yo pou sekirize enfòmasyon sa a epi pa janm pataje li san otorizasyon apwopriye. Anplwaye yo dwe san pèdi tan rapòte nenpòt move oswa aksè aksidantèl, itilizasyon, oswa divilgasyon bay Depatman Jiridik la, jan obligasyon legal ak delè yo ka aplike.



**AP AJI NAN PI BON ENTERÈ
ANTREPRIZ LA**



KONFLI ENTERÈ

Nan Perdue, nou pa kite enterè oswa relasyon pèsoneèl oswa menm aparans yo enfluyanse jijman komèsyal nou. Nou evite konfli enterè ki t ap lakoz lòt moun poze kesyon sou si n ap aji yon fason ki apwopriye epi nan pi bon enterè Antrepriz la.

Nou evite konfli enterè lè nou:

- P ap travay pou oswa pa genyen yon relasyon komèsyal dirèk oswa endirèk avèk yon konkiran, founisè oswa founisè sèvis Konpayi an
- Chèche apwobasyon davans alekri nan men Resouzimèn pou nenpòt opòtinite tan pasyèl, plen tan, oswa antreprenaryal
- P ap itilize resous Antrepriz la pou travay oswa enterè ekstèn yo, ki gen ladan pou pa fè aktivite sa yo pandan tan travay nan Perdue oswa kite travay ekstèn yo entèfere ak pèfòmans travay nou pou Perdue
- Divilge bay Resouzimèn oswa Direktè Konfòmite a tout enterè finansye dirèk oswa endirèk (manm fanmi ki anplwaye oswa ki te anplwaye) founisè Perdue yo, founisè sèvis yo, kliyan oswa lòt patnè komèsyal yo
- Resevwa apwobasyon alekri alavans si ou travay nan konsèy la oswa travay kòm volontè pou nenpòt founisè Perdue, founisè sèvis, kliyan oswa lòt patnè komèsyal yo
- Pa anboche oswa jere manm fanmi pwòch, zanmi pèsoneèl, oswa lòt moun siyifikatif san yo pa divilge ak resevwa apwobasyon ekri davans nan men Resouzimèn epi pèmèt lòt moun okipe desizyon ki gen rapò ak anplwa pou evite nenpòt favoritis ak patipri aparàn
- Asire transparans lè w ap konsidere zanmi pwòch yo kòm potansyèl founisè oswa founisè sèvis Antrepriz la

ÈSKE OU TE KONNEN?

Yon konfli enterè se yon sitiyasyon kote yon asosye twouve l nan yon pozisyon pou jwenn avantaj pèsoneèl de aksyon oswa desizyon li te pran nan kapasite ofisyèl li avèk Antrepriz la. Konfli enterè ki soti nan fanmi oswa lòt relasyon, aktivite andeyò travay, enterè finansye oswa lòt enterè pèsoneèl ka entèfere ak kapasite nou pou nou pran desizyon san patipri pou Konpayi an. Se pou rezon sa, yo prevwa pou tout asosye yo deklare tout potansyèl konfli enterè yo bay sipèvizè yo a oswa bay Direktè Konfòmite a.

Lè ou gen dout sou èske genyen yon konfli, deklare l.



OPÒTINITE KOMÈSYAL

Nou itilize konesans nou akimile nan travay nou ak nan byen ak resous Konpayi la pou avantaj Konpayi an e non pou pwofi pèsoneèl nou. Nou pa sèvi ak enfòmasyon oswa pwopriyete Konpayi an pou pwòp avantaj pèsoneèl nou oswa pou aktivite ki nan konkirans ak Perdue, swa pandan oswa apre travay nou nan Konpayi an.

Kado ak Divètisman

Bay ak resevwa kado ak ti sèvis nan kad aktivite komèsyal ak konstriksyon relasyon komèsyal yo.

Sepandan, bay oswa aksepte kado ki gen yon valè ki depase valè nominal la oswa ki apwopriye pou sikonstans lan oswa divètisman ki ale odela de yon aktivite sosyal òdinè ka parèt kòm yon tantativ pou jwenn tretman favorab an retou nan men benefisyè a.



Sa Pou Fè ak Sa Pou Pa Fè Konsènan Akseptasyon Kado

- ✓ Kado ki gen valè nominal (*mwens pase* \$ 75 USD)
- ✓ Manje, divètisman ak evènman kòm yon pati nan diskisyon komèsyal
- ✗ Kado lajan kach oswa ki ekivalan ak lajan kach
- ✗ Vwayaj twazyèm pati òganize

Al gade nan Règleman Konpayi sa yo pou plis Konsèy Espesifik Règleman sou Kado Founisè yo ak Evènman Sosyal





Nou evite potansyèl konfli ki enplike kado ak ti sèvis lè nou:

- Pa janm bay ni resevwa kado lajan kach oswa ekivalan lajan kach
- Pa bay ni resevwa kado ni divètisman avèk entansyon pou enfliyansè konpòtman benefisyè a
- Bay kado oswa divètisman pou kliyan gouvènmantal oswa federal, oswa anlwaye gouvèman lokal yo sèlman si Direktè Konfòmite a otorize epi apwouve sa
- Bay epi resevwa repa ak diskisyon sèlman nan kad diskisyon komèsyal yo
- Aksepte kado ki gen sèlman valè nominal (*mwens pase \$75 USD*) ak nan kad kèsyal nòmal e ki konsistan ak pratik endistriyèl yo, ki pa twò komen, epi ki pa ekstravagan
- Pa aksepte vwayaj nan men tyès pati
- Limite akseptasyon divètisman nan evènman atletik, teyat, oswa kiltirèl sof si valè a rezonab epi li gen yon objektif komèsyal klè (*sa vle di, tankou yon pati nan yon konferans, yon opòtinite edikasyon, oswa yon koneksyon ak yon reyinyon komèsyal*)
- Chèche konsèy nan men Direktè Konfòmite lè yon kado oswa yon ospitalite ta ka parèt sispèk pou kreye yon konfli enterè oswa vyole politik sa a

Aktivite Politik yo

Nou ankouraje asosye yo pou kapab patisipe nan pwosesis politik yo antanke moun prive epi pandan tan lib yo. Ou lib pou ekspriye pwendvi politik ou ak pou soutni kandida prefere w. Perdue dwe konfòme l konplètman ak lèt la epi ak prensib lwa yo ki jere kontribisyon pou fonksyonè federal, eta, ak lokal ki eli yo. Anlwaye yo gen dwa fè, otorize, oswa pèmèt okenn kontribisyon oswa depans ilegal, oswa sèvi ak fon oswa pwopriyete Perdue pou rezon politik, epi li entèdi pou anlwaye yo pale sou zafè politik nan non Perdue avèk oswa san konsantman ekspriye Direktè Konfòmite a.

PWOTEJE BYEN ANTREPRIZ LA

Enfòmasyon Konfidansyèl

Ou dwe pwoteje epi konsève enfòmasyon konfidansyèl eksklizif Konpayi an yon fason ki estrik. Enfòmasyon konfidansyèl yo gen ladan enfòmasyon Perdue ki gen etikèt “konfidansyèl” ak/oswa “sekrè” ak enfòmasyon tou ki pa gen etikèt sa a men selon nati yo ki ta dwe entèprete yon fason rezonab kòm konfidansyèl epi/oswa sekrè pou Perdue. Men kèk egzanp, men pa limite ak: Plan komèsyal Perdue yo, plan fonksyonman, plan estratejik, lis kliyan, done finansye, enfòmasyon sou pwodwi ak sèvis, done sou lavant, rapò Konpayi an, kontra ak enfòmasyon ki lye yo, ak enfòmasyon pèsònèl.

Anplwaye yo dwe prezève ak pwoteje sekrè komèsyal ak enfòmasyon konfidansyèl Perdue yo nan tout fòm, nan fòm elektwonik oswa non-elektwonik, epi mwen konprann epi respekte tout kondisyon ki nan nenpòt akò konfidansyalite yon asosye kapab te siyen avèk Antrepriz la.

Nou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl Konpayi an lè nou:

- Pataje enfòmasyon konfidansyèl avèk sèlman moun ki genyen otorizasyon pou resevwa yo ak yon bezwen komèsyal pou konnen yo
- Rete vijilan deyò travay la pou asire ke lòt moun pa rive wè dokiman ak aparèy elektwonik yo ni kite yo san siveyans
- Pa diskite sou enfòmasyon konfidansyèl lè nou nan risk pou lòt moun tande yo
- Pa janm itilize ni divilge enfòmasyon konfidansyèl pou pwòp pwofi nou oswa pou avantaj lòt moun eksepte pou Antrepriz la





Nan fen kontra travay la, oswa anvan sa, si Perdue ta mande pou fè sa, kèlkeswa moman an, rezon, oswa sikonstans fen kontra a, anplwaye yo dwe remèt Perdue tout materyèl, dokiman, modpas, ak lòt sipò estokaj tanjib oswa sipò estokaj ki pa tanjib ki genyen nenpòt fòm enfòmasyon konfidansyèl, ke yo nan lokal Perdue oswa lòt kote. Obligasyon pou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl Antrepriz la pou kapab kontinye alavni apre travay ou an fini.

Egzijans konfidansyalite ki nan Kòd sa a oswa nan nenpòt politik Konpayi an pa ta dwe konsidere oswa entèprete kòm egzijans ki entèdi anplwaye yo pou pa deklare aktivite ilegal bay ajans gouvènmantal oswa otorite fòsdelòd yo, ni pou pa patisipe oswa transmèt bon jan temwayaj ak enfòmasyon bay nenpòt ajans federal, eta oswa lòt ajans kontwòl oswa ajans fòsdelòd yo nan kad yon ankèt oswa nan pwosedi ke lalwa otorize. Byenke Perdue ankouraje anplwaye li yo pou rapòte tout aktivite ilegal reyèl oswa potansyèl aktivite ilegal bay sipèvizè yo, Resouzimèn oswa Direkte Konfòmite a, dispozisyon li yo pa limite okenn anplwaye pou pa fè deklarasyon dirèkteman bay ajans gouvènmantal ki apwopriye yo.

Teknoloji Enfòmasyon

Tout anplwaye yo dwe swiv pwotokòl sou sekirite teknoloji enfòmasyon ak pwotokòl sou aksè itilizatè yo pou pwoteje sistèm ak done Konpayi an kont aksè, modifikasyon, kopi, destriksyon oswa divilgasyon san otorizasyon.

Nou itilize teknoloji ak sistèm enfòmasyon Konpayi an yon fason responsab lè nou:

- Bay aksè ak sistèm ak done sèlman nan limit ki nesèsè pou anplwaye yo fè travay yo epi sèlman pou tan ki nesèsè pou sa
- Pwoteje modpas nou yo, chanje yo regilyèman epi pa pataje yo ak lòt moun
- Pa telechaje lojisyèl ki pa apwouve oswa ouvri dokiman oswa imèl ki sispèk
- Pa vizite sit entènèt ki pa apwopriye sou ekipman ak aparèy Antrepriz la
- Pwoteje materyèl yo kont pèt, domaj oswa vòl

Resous Antrepriz la

Byen fizik Perdue yo, tankou etablisman li yo, ekipman, òdinatè, aparèy oswa lòt objè ki gen valè yo dwe itilize pou aktivite komèsyal nou epi dwe konsève epi itilize yon fason ki apwopriye. Nou dwe se bon jesyonè byen Konpayi an epi pran prekosyon rezonab pou pwoteje yo kont pèt, domaj, destriksyon, vòl oswa itilizasyon ki pa otorize. Nou ta dwe rete vijilan tou pou evite fwod, gaspiyaj ak move itilizasyon nenpòt byen Konpayi an epi rapòte touswit nenpòt tantativ vòl nou sispèk oswa vòl reyèl oswa move itilizasyon byen Konpayi an.

Gade Politik Konpayi sa yo pou jwenn plis Konsèy Espesifik



[Politik sou Pwosedi sou Teknoloji Enfòmasyon](#)

PWOTEJE REPITASYON ANTREPRIZ LA

Kominikasyon ki Responsab

Nou tout se anbasadè Perdue. Nou kenbe repitasyon ak mak Perdue lè nou kominike yon fason onèt epi konsistan avèk kliyan nou yo, patnè komèsyal nou yo ak kominote a an anjeneral. Nou kominike yon fason responsab pou prezève repitasyon nou lè nou:

- Pèmèt pèsonèl ki apwopriye yo trete demann ekstèn yo epi sèlman kominike oswa ekspriye opinyon yo nan non Perdue si Konpayi an otorize yo fè sa
- Sonje rezo sosyal oswa aktivite sou entènèt, menm deyò travay la, ta ka ede oswa nwi repitasyon Perdue epi asire ke nou idantifye opinyon nou ekspriye yo antanke opinyon endividyèl epi pa antanke opinyon Antrepriz la, sof si yo otorize
- Rete koutwa epi montre respè nan kominikasyon ki lye ak travay nou
- Pa janm divilge kominikasyon entèn ni divilge enfòmasyon konfidansyèl konsènan Konpayi an, kliyan nou yo oswa patnè komèsyal yo
- Pa reponn ak demann medya yo konsènan Konpayi an ni transfere yo bay Depatman Kominikasyon Komèsyal la

Seleksyon Founisè ak Founisè Sèvis

Nou vle travay ak founisè yo, founisè sèvis ak patnè komèsyal ki pataje angajman nou pou aplike entegrite ak pratik komèsyal ki respekte etik. Nou pral trete aktyèl ak potansyèl patnè komèsyal yo avèk respè epi onètete kèlkeswa valè tranzaksyon oswa dire relasyon an. Nou angaje nou yon fason responsab nan relasyon avèk patnè komèsyal nou yo lè nou:

- Reyalize bon ankèt sou potansyèl patnè komèsyal yo pou asire ke yo kalifye, gen bon repitasyon epi respekte dwa moun
- Egzije patnè komèsyal yo pou respekte tout egzijans legal ki aplikab yo epi nan kontra nou pou sèvis yo
- Evite konfli enterè nan chwa patnè komèsyal nou yo epi fè chwa yo sou baz kalite, pri, sèvis, fyabilite, disponiblite ak pratik komèsyal etik e non sou baz zanmitay oswa relasyon famiyal
- Pa aksepte kado ni divètisman ki pa apwopriye nan men patnè komèsyal nou yo



ANGAJMAN KOMINOTÈ

Nou kwè se responsablite nou pou patisipe epi soutni kominote n ap fonksyone ladan yo. Nou ankouraje tout asosye yo pou kapab enplike nan travay benevòl epi kontribye nan kominote yo a. Sepandan, nou dwe jwenn apwobasyon alavans pou fè don lajan oswa tan nan non Konpayi an nan òganizasyon karitatif yo oswa pou koz kominotè.



DIRABLITE ANVIWÒNMANTAL

Perdue pran angajman pou redwi enpak anviwònmantal yo nan operasyon nou yo. Nou kontribye nan yon anviwònman dirab lè nou:

- Respekte tout egzijans legal ak reglemantè pou operasyon nou yo
- Swiv epi konfòme nou ak Valè Jesyon Konpayi an
- Eksprime nou si nou remake nenpòt moun ki pa respekte kondisyon legal ak/oswa reglemantè yo konsènan anviwònman an
- Redwi, reyitilize, epi resikle materyèl yo, anbalaj yo, elatriye ak fè efò pou redui azewo dechè ki pral nan dechaj yo
- Idantifye fason pou diminye itilizasyon dlo epi diminye enpak nou sou bon jan kalite dlo
- Idantifye fason pou diminye itilizasyon gaz fosil epi ogmante itilizasyon enèji renouvlab
- Redwi nitriman ak lòt eleman konstityan ki soti nan operasyon nou yo
- Rapòte touswit tout aksidan, devèsman, fwit oswa dechaj ki te ka fè enpak sou anviwònman an selon lwa ki aplikab yo ak pwosedi Konpayi an etabli yo



ÈSKE OU TE KONNEN?

Chak ane, chak etablisman Perdue angaje l nan yon Pwojè Devlopman Dirab Enstalasyon yo ki konsantre sou yon rediksyon nan emisyon, dlo izaje, konsumasyon resous natirèl, oswa fatra solid. Se anplwaye angaje yo k ap dirije pwojè yo, ni anplwaye ki travay sou lè ni salarye, epi ede diminye enpak operasyon nou yo sou anviwònman an.

Al gade nan Règleman Konpayi sa yo pou plis Konsèy Espesifik
[Règleman Medya Sosyal](#) | [Règleman sou Kominikasyon Ekstèn](#)





KONSÈVE DOSYE KI EGZAT

Perdue dwe konsève epi divilge dosye finansye ki egzat sou tranzaksyon komèsyal li yo epi dwe asire deklarasyon ki apwopriye bay oditè rezilta finansye yo.

Nan okenn sikonstans, pa ta dwe genyen okenn fon oswa aktif Konpayi an ki pa anrejistre ni okenn enskripsyon ki pa apwopriye ni ki pa egzat ki fèt yon fason volontè nan liv ak dosye Konpayi an.

Konsèvasyon dosye ki egzat enpòtan anpil pa sèlman pou konfòmite jiridik ak finansye men tou pou dekouraje ka vòl, fwod, detounman fon, ekstòsyon, ak detounman pwopriyete Perdue. Pou konsève dosye ki egzat, nou dwe:

- Anrejistre tout aktif, pasif, revni, depans ak tranzaksyon komèsyal yo konplètman, yon fason presi epi nan moman nesèsè
- Itilize prensip kontablite ki jeneralman aksepte yo epi swiv tout kontwòl ak pwosedi entèn yo
- Pa janm kreye fon, aktif oswa pasif sekrè oswa ki pa anrejistre
- Asire ke tout peman ki fèt nan non Antrepriz la gen dokiman sipò apwopriye ki dekri objektif la kòm sadwa
- Òganize, klase epi mete etikèt sou dosye Konpayi an kòm sadwa
- Respekte tout avi sou konsèvasyon jiridik yo epi pa janm kache ni detwi dokiman ni dosye ki fè sijè ankèt oswa ki kapab nesèsè nan yon pwosedi jidisyè
- Konsève dosye yo, ki enkli dokiman, enfòmasyon elektwonik, mesaj vokal ak tout lòt fòm medya pandan peryòd legal ki espesifikman obligatwa a epi swiv enstriksyon sou konsèvasyon dosye Konpayi an. Si ou gen kesyon konsènan ki peryòd retansyon ki aplike sou yon dosye an patikilye, tanpri kontakte Direktè Konfòmite a.
- Konsève dosye yo yon fason ki sekirize epi limite aksè ak dosye ou konsève yo pou moun ki gen yon bezwen komèsyal pou jwenn aksè ak dosye yo
- Rapòte touswit tout tranzaksyon sispèk ki pa apwopriye oswa pratik kontablite bay sipèvizè ou an oswa Direktè Konfòmite a

Anplis de sa, anplwaye Finans ak Kontablite yo dwe respekte Deklarasyon Politik ak Kòd Etik yo pou Anplwaye Finansye yo ak Prensip Kontabilite ak Plan Disiplinè nan (*Règ Jwèt la*).

ÈSKE OU TE KONNEN?



Avi konsèvasyon jiridik, oswa avi konsèvasyon pou suivi jiridik, se avi ke departman jiridik la soti kote yo bay anplwaye yo enstriksyon pou prezève dokiman ki ta ka itilize nan litij, odit, oswa envestigasyon



Ale nan Politik Konpayi sa yo pou jwenn plis Konsèy Espesifik

[Règleman Finansye](#)
[Prensip Kontabilite ak Plan Disiplinè](#)
(*Règ Jwèt la*)

[Règleman Jesyon Dosye](#)

1ye Oktòb 2025

REZIME AK RESOUS

Kòd Etik ak Konduit Komèsyal nou an se plis pase yon seri règleman.

Li refilete valè debaz nou yo ak gid nou nan pran bon desizyon yo. Pandan ke li pa ka kouvri chak sitiyasyon ou ka fè fas ak yo pandan w ap travay nan Perdue, ou pa janm pou kont ou. Lè w nan dout, apiye sou valè ak konpòtman lidèchip nou yo, oswa konsilte resous ki nan lis anba a.

Ansanm, se fason sa nou pral travay pou yon meyè avni.

Depatman Konfòmite
ethicscompliance@perdue.com

Depatman Jiridik
legaladmin@perdue.com

Depatman Resouzimèn lokal ou

KÒD ETIK AK KONDWIT PWOFEYONÈL

Kòd la se yon gid esansyèl men li pa yon kontra travay.

Tout anplwaye Perdue yo anboche “selon volonte”, sa ki vle di ke swa Perdue oswa anplwaye a ka mete fen nan relasyon travay la nan nenpòt ki moman. Jesyon Perdue an gen dwa pou amande, modifiye, oswa revize kòd la nan nenpòt ki moman.